*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. ***Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



# MAKE YOU CHOOSE LIFE

## (John 3:16)

God make human being in hin own image (Genesis 1:27). E give us freedom sef, sey make we dey do tins as we want. If to sey God create us like robot, we for don love and obey am as e want; but no be hin plan to force human being (wey be creature wey e love pass) to do wetin we no wan do. God wan make we love am from di heart by oursef. E wan make we dey obey am because we don choose to do wetin e want - no be sey we dey do am by force. God give us freedom, but e warn us sey tins wey no good go happun if sin dey. Dis na di same way wey e take warn Adam and Eve sey make dem no chop from di tree wey dey make pesin know good and evil (Genesis 2:16-17). Make we see some tins wey di freedom God give us fit cause:

### *God fit allow pesin do anytin wey e wan do, even if na sin?*

Yes. Rememba sey God dey gracious; con give us freedom make we dey do tins as we like.

### *God fit stop pesin make e no sin?*

Yes. E fit stop pesin, tru di Holy Spirit and if di pesin agree wit am. Dis na one of di reasons why e dey important make you receive di gift wey dey give salvation, wey e bin give us tru Christ. Afta you don receive di gift, di Holy Spirit go come live inside you. You no get power to stop to dey commit sin if



di Holy Spirit no dey wit you. Pipo wey get Christ dey commit sin some time, wen dem begin follow different way; but dem dey get forgiveness wen dem confess di sin to God, and dem take step to repent. God dey forgive dem becos e dey rich for mercy, and dem get di goodness wey Christ get. On top dat, God dey correct pesin wey get Christ if e no stop to dey commit sin. E fit correct di pesin wit punishment, as all papa dey do, so dat di pesin go live holy life and no land for hell (Hebrews 12:6). Pesin wey no get Christ no dey receive dis kain love from God.

### *Wetin go happun wen pesin sin, con choose to not get forgiveness, as e no gree receive di gift wey dey give salvation?*

Bible tok sey, di reward wey dey for sin na death, but di Gift wey Baba-God give tru Jesus Christ na life wey no dey



*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. ***Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



MAKE YOU CHOOSE LIFE

(John 3:16)

God make human being in hin own image (Genesis 1:27). E give us freedom sef, sey make we dey do tins as we want. If to sey God create us like robot, we for don love and obey am as e want; but no be hin plan to force human being (wey be creature wey e love pass) to do wetin we no wan do. God wan make we love am from di heart by oursef. E wan make we dey obey am because we don choose to do wetin e want - no be sey we dey do am by force. God give us freedom, but e warn us sey tins wey no good go happun if sin dey. Dis na di same way wey e take warn Adam and Eve sey make dem no chop from di tree wey dey make pesin know good and evil (Genesis 2:16-17). Make we see some tins wey di freedom God give us fit cause:

*God fit allow pesin do anytin wey e wan do, even if na sin?*

Yes. Rememba sey God dey gracious; con give us freedom make we dey do tins as we like.

*God fit stop pesin make e no sin?*

Yes. E fit stop pesin, tru di Holy Spirit and if di pesin agree wit am. Dis na one of di reasons why e dey important make you receive di gift wey dey give salvation, wey e bin give us tru Christ. Afta you don receive di gift, di Holy Spirit go come live inside you. You no get power to stop to dey commit sin if

2

di Holy Spirit no dey wit you. Pipo wey get Christ dey commit sin some time, wen dem begin follow different way; but dem dey get forgiveness wen dem confess di sin to God, and dem take step to repent. God dey forgive dem becos e dey rich for mercy, and dem get di goodness wey Christ get. On top dat, God dey correct pesin wey get Christ if e no stop to dey commit sin. E fit correct di pesin wit punishment, as all papa dey do, so dat di pesin go live holy life and no land for hell (Hebrews 12:6). Pesin wey no get Christ no dey receive dis kain love from God.

*Wetin go happun wen pesin sin, con choose to not get forgiveness, as e no gree receive di gift wey dey give salvation?*

Bible tok sey, di reward wey dey for sin na death, but di Gift wey Baba-God give tru Jesus Christ na life wey no dey

3

end (Romans 6:23). If you still no gree receive di gift wey dey give salvation, make you for enjoy God forgiveness, e mean sey you don accept di invitation wey Satan give you to stay wit am for ever, inside lake of faya.

### *Na my life! Why e dey dangerous for me if I no surrender am to Jesus Christ?*

On top sey Christ go come back soon, and for time wey we no expect (1 Thessalonians 5:2-3), God no promise sey anybodi go live to see tomorrow (James 4:13-15). E fit comot anybodi from dis world at any time. And na judgement remain afta death. Di sad tin be sey, pesin no dey get chance for salvation afta death. E go dey too late; and pesin wey get sin go find imsef for hell. Plenti verse for Bible don tok to us about hell. Di ones wey suppose get pesin to dey tink, na di ones wey



tok sey, di kain sofa wey dey there na di one no human being go fit bear. Na real terrible place, if pipo go dey cry and grind dia tit wit pain for there, for ever (Mark 9:43-48)! Wit dis tin wey Bible don tok, e sure sey, hell na one place pesin suppose to dey fear to land inside. Na injustice wey big pass you dey do yoursef if you no gree do wetin you suppose do now, make you for no find yoursef there. E no hard at all, as you dey tink to accept di Gift of life wey no dey end, wey God give us wit love (John 3:16). Make you choose life tru hin Son, Jesus Christ today!

### How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).



1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey, Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgive-ness and life wey no dey end. Amen.*



If you pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

### Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible, and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Oda free materials dey there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!



end (Romans 6:23). If you still no gree receive di gift wey dey give salvation, make you for enjoy God forgiveness, e mean sey you don accept di invitation wey Satan give you to stay wit am for ever, inside lake of faya.

*Na my life! Why e dey dangerous for me if I no surrender am to Jesus Christ?*

On top sey Christ go come back soon, and for time wey we no expect (1 Thessalonians 5:2-3), God no promise sey anybodi go live to see tomorrow (James 4:13-15). E fit comot anybodi from dis world at any time. And na judgement remain afta death. Di sad tin be sey, pesin no dey get chance for salvation afta death. E go dey too late; and pesin wey get sin go find imsef for hell. Plenti verse for Bible don tok to us about hell. Di ones wey suppose get pesin to dey tink, na di ones wey

4

tok sey, di kain sofa wey dey there na di one no human being go fit bear. Na real terrible place, if pipo go dey cry and grind dia tit wit pain for there, for ever (Mark 9:43-48)! Wit dis tin wey Bible don tok, e sure sey, hell na one place pesin suppose to dey fear to land inside. Na injustice wey big pass you dey do yoursef if you no gree do wetin you suppose do now, make you for no find yoursef there. E no hard at all, as you dey tink to accept di Gift of life wey no dey end, wey God give us wit love (John 3:16). Make you choose life tru hin Son, Jesus Christ today!

How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

5

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey, Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgive-ness and life wey no dey end. Amen.*

6

If you pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible, and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Oda free materials dey there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

7